

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE
Secrétariat Général de l'Etat

ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI IDASANZWE N°05 **YO KU WA KABIRI IGENEKEREZO RYA 02 NTWARANTE 2022**

Inama y'Abashikiranganji yakoranye mu nama idasanzwe, kuri uyu wa Kabiri igenekerezo rya 21 Ntwarante 2022, i Bujumbura, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama nteguza y'iyo nama nshikiranganji, yarongoye kw'igenekerezo rya 21 Ntwarante 2022, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Umushikiranganji wa Mbere ahejeje gushikiriza icegeranyo Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, ivyihwejwe ni ibi bikurikira:

- 1. Integuro y'umugambi wo gushigikira ubuhinga ngurukanabumenyi mu Burundi**, yashikirijwe n'Umushikiranganji wo kumenyesha amakuru, ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru, n'ibimenyeshamakuru

Akamaro k'ubuhinga bwa none bwo guhanahana amakuru ni ntangere mu bisata vyose vy'ubuzima bw'igihugu.

Muri iki gihe, ihangiro Reta yihaye ni uko Uburundi bwotera imbere muri ubwo buhinga, bugatuma ubutunzi bw'igihugu bwiyongera, kandi hakaba n'amategeko akingira ibirangurwa muri ico gisata.

Ni muri iyo ntumbero Ibanki y'isi yose yateguye umugambi ufise ihangiro ryo gukomeza ubwo buhinga ngurukanabumenyi mu Burundi.

Uwo mugambi urahambaye kuko uzofasha mu gukwiragiza ubuhinga bwa interenete bunyaruka, cane cane mu gihugu hagati, mu makaminuza, no gufasha ibisata vya Reta kuronka ubushobozi bwo gutunganiriza abavyitura hakoreshajwe ubwo buhinga bwa none ngurukanabumenyi.

Nkako, ugukwiragiza ubuhinga ngurukanabumenyi mu buzi bwa Reta ntivyoshoboka amakomine yose adakoresha umuhora ngurukanabumenyi unyaruka, badafise n'ivyo bijana nk'amamashini n'ibindi. Kubera kandi indero ari umushinge w'iterambere ry'ubutunzi n'imibano, birakanewe kuronsa amakaminuza muri rusangi, na cane cane ayo mu gihugu hagati ubuhinga ngurukanabumenyi hakoreshejwe umuhora unyaruka.

Ibanki y'isi yose niyo izotanga uburyo bw'imfashanyo bungana na miliyoni mirongo umunani (80) z'amadolari y'Abanyamerika, ikazoshobora kandi kurondera n'ayandi agera ku miliyoni cumi n'imwe (11) iyakuye mu bikorera ivyabo, nayo akaba azofasha abakorera mu gisata c'ubuhingana bwa none bwo guhanahana amakuru.

Kugirango uwo mugambi uranguke, hari ibitegerezwa kubanza gukorwa, bimwe bimwe ni ibi bikurikira:

- Gushiraho amategeko akingira ibiharuro kuko uwo mugambi uzozana ibiharuro vyinshi kandi bihambaye
- Gusubiramwo itunganywa ry'ishirahamwe rijejwe ivy'imihora mu Burundi (BBS) hakinjiramwo abikorera ivyabo.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro y'umugambi, ivyashikirijwe ni ibi bikurikira:

- Hari haratangujwe umugambi wo gukwiragiza ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako mu bisata vyose vya Reta wahinduwe Reta itagishijwe inama, usubirizwa n'uwo w'ubu ;
- Ibice bimwe bigize uwo mugambi ntivyisunga Umugambi w'igihugu w'iterambere, n'ibishirwa imbere mu bushikirangaji. Utegerezwa kwisunga intumbero n'imigambi ya Reta;
- Uburundi burafise vyinshi vyofasha mu buhinga bwa none ngurukanabumenyi, nk'umuhora ukwiye mu gihugu cose, n'ibindi. Hokwigwa ingene ivyo bisanzwe bihari vyokoresha;
- Biraboneka ko iyo nteguro yatunganijwe n'abantu bayifisemwo inyungu nyinshi ;
- Muri iyo nteguro harimwo inyangiko zitanga ishusho mbi y'igihugu, be n'ibiharuro bitari vyo bikwiye kuvamwo ;
- Ivyanditswe muri iyo nteguro bitegeka Reta ivyo itegerezwa kubanza gukora kugirango uwo mugambi wemerwe vyovamwo;
- Nk'uko bisanzwe biba, umuhuzabikorwa w'uwo mugambwi yohembwa ku buryo butegekanijwe muri uwo mugambi nyene ;

Umushikiranjanji wo kumenyesha amakuru, ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru, n'ibimenyeshamakuru yasabwe kwandikira abakozi b'ubwo bushikiranjanji bagiye baritaba amanama ategura uwo mugambi ngo basigure ingene baretse amajambo aryoza igihugu akaja muri iyo nteguro.

Inama nshikiranjanji yaciye ishingira umurwi ugizwe n'abahinga baserukira Ibiro vy'Umukuru w'Igihugu, ivy'Umushikiranjanji wa Mbere, ubushikiranjanji bujewe kumenyesha amakuru, ikigega ca Reta, indero be n'abakozi ba Reta ukaba uzotunganya neza iyo nteguro y'umugambi, hanyuma izogarukanwe mu nama nshikiranjanji. Integuro ikosoye hafatiwe ku vyashikirijwe n'inama nshikiranjanji niyo izokoresha mu biganiro n'abafashanya n'Uburundi k'ukugene uwo mugambi woja mu ngiro.

Ubushikiranjanji bwose bwabwabwe kwama bwateguye imigambi mu bisata bujewe, yame iri ngaho, ntitegurwe ari uko habonetse uwipfuzwa kuwushigikira.

2. Integuro y'amasezerano y'umwuvikano hagati ya Reta y'Uburundi n'ishirahamwe East African Region Projects yerekeye gucukura ubutare bwa Nikere bw'i Musongati n'ubwo bibangikanye, yashikirijwe n'Umushikiranjanji w'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka.

Ishirahamwe East African Region Project Group ryarashikirije icipfuzo co gukorera mu gisata c'ubutare, mu gucukura ubutare bwa nikere n'ubundi bibangikanye buri i Musongati.

Mu mwaka w'2018, Reta y'Uburundi yaremereye iryo shirahamwe kurondera uburyo kugirango rishobore gucukura ubwo butare.

Muri iki gihe, iryo shirahamwe riremeza ko uburyo bukenewe ryaburonse ko ryitegurirye gutanga ku mwaka ku mwaka amadolari y'abanyamerika umuliyaridi n'igice (1,5) mu kiringo c'imyaka icumi, ni ukuvuga ko yose hamwe yoba angana na miliyaridi cumi na zitanu z'amadolari y'Abanyamerika.

Ayo mahera azokoresha uku gukurikira :

- Ku mwaka ku mwaka mu kiringo c'imyaka cumi, ishirahamwe East African Regional Group rizoha Reta y'Uburundi imiliyoni amajana atanu (500) z'amadolari y'Abanyamerika, ni ukuvuga ibice mirongo itatu na bitatu n'ibice bitatu (33,3%) azoharurwa mu mahera yinjiye mu kigega ca Reta avuye mu butare bwa nikere ;
- Ibice cumi na bitanu kw'ijana (15%) bizokoresha mu migambi rusangi izo mpande zibiri zizotanguza;
- Ibice mirongo itanu na kimwe n'ibice indwi(51,7 %) bizokoresha mu gucukura ubwo butare.

Iyi nteguro rero yerekeye ishirwa mu ngiro ry'uwo mugambi. Irerekana ingene ubwo buryo buzokoresha, n'ivyo impande zose ziyemeza.

Ayo masezerano y'umwumvikano azomara ikiringo c'amezi abiri. Mu gihe ico kiringo kirangiye, igice ca mbere c'ayo mahera kitarashikanwa mw'ibanki nkuru y'igihugu, ayo masezerano azoca aba impfagusa.

Mu nama nteguza y'iyi nama nshikiranganji, iyo nteguro yari yihwejwe, mu vyari vyashikirijwe hakaba harimwo ibi bikurikira:

- Gusubira kwandika neza iyo nteguro ikajamwo bikuru bikuru gusa, ibijanye n'ido n'ido bigakurwamwo;
- Gushiramwo ingingo itomora neza ko icemeza ko uburyo buriho, ari uko bwoshikanwa mw'ibanki nkuru y'igihugu;
- Kwandika ko ku matati yovuka, izo mpande zibiri zizoyatorera umuti mu mwumvikano canke hisunzwe amategeko y'igihugu;

Inama nteguza yari yasavye umushikiranganji ajejwe ubutare n'agataka gutosora iyo nteguro agaca ayizana mu nama nshikiranganji yo kuri uwu wa kabiri igenekerezo rya 22 Ntwarante 2022.

Inama nshikiranganji yihwejwe iyo nteguro ihinyanyuwe yashikirijwe, yasanze yatunganijwe nk'uko vyari vyasabwe, ica **irayemeza**.

3. Utuntu n'utundi

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu yaribukije abashikiranganji ko hageze gutegura amahera Reta izokoresha mu mwaka w'2022 ushira uw'2023. Mu gusaba amahera azokoresha muri uwo mwaka, ubushikiranganji bwose buzotegerezwa kubanza kwerekana ico bwinjije muri uyu mwaka turimwo.

Yaribukije kandi ko amahera ahari hose mu gihugu, ategerezwa kuboneka kugirango ikigega ca Reta kibomboke.

Yaciye asaba Abarundi kuvavanura n'ingeso yo guhisha ivyo batunze babica umwano, kuko ni navyo bituma baguma badushira mu bihugu bikenye kuruta ibindi, kandi wihwejwe ingene Abarundi babayeho biboneka ko atari vyo.

Bujumbura, igenekerezo rya 22 Ntwarante 2022

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba
n'Umuvugizi wayo

Prosper NTAHORWAMIYE